



Pou Piblikasyon Imedya: 19/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB EPI KI BAY SIPÒ KI KOUTE 20 MILYON DOLA NAN BUFFALO

Mount Aaron Village ofri 59 kay abòdab, ki gen ladan 18 ki gen sèvis sipò ak nouvo klinik sante kominotè

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman Mount Aaron Village, yon nouvo pwojè devlopman lojman bòdab epi ki bay sipò ki koute 20.3 milyon dola nan Lès Buffalo. Konplèks la gen ladan 59 inite, ki gen ladan 18 apatman ki bezwen sèvis sipò pou yo viv yon fason endepandan.

"Lojman abòdab bon jan kalite se fondasyon pou konstwi yon kominote ki an sante ak siksè endividyèl", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an angaje pou l travay avèk patnè tankou lidè relijye nou yo ki ap defann devlopman sa a pou pote plis opòtinite lojman nan Lès Buffalo epi fè kominote sa a vin pi solid ak pi estab alontèm. Pandan n ap kontinye efò revitalizasyon nou yo nan katye sa yo, Mount Aaron Village pral bay kalite kay ak resous rezidan yo bezwen pou yo pwospere".

Northwoods konplete plan global Gouvènè Hochul la pou fè lojman pi abòdab, ekite, ak estab. Nan Bidjè Ane Fiskal 2023 Eta a, Gouvènè a te entwodui epi li te reyisi sekirize yon nouvo plan lojman konplè sou senk an ki koute 25 milya dola, k ap ogmante apwovizyonman lojman lè li kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab nan New York, ki enkli 10,000 avèk sèvis soutyen pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Devlopman an bati sou efò Eta a ap fè pou rezoud inegalite depi lontan nan kominote Lès Buffalo. Nan kòmansman ane sa a, [Gouvènè a te anonse 50 milyon dola](#) nan investisman sible pou reponn a bezwen Lès Buffalo apre atak teworis sipremasis blan nan mwa me a.

Mount Aaron Village gen ladan yon bilding twa etaj avèk 43 apatman ak 4,000 pye kare espas komèsyal ak twa bilding nan estil kay an ranje avèk yon total 16 apatman. Gen 18 apatman ki rezève pou moun ki sanzabri ki pral resevwa sibvansyon pou lwaye ki finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la epi se Biwo pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York k ap administre li.

Sèvis BestSelf Behavioral Health Inc. ofri yo enkli jesyon ka, sèvis sante konpòtmantal, resous edikasyon, konsèy, sèvis sante mantal, sèvis swen prensipal, entèkansyon pou kriz, sipò ant kòlèg, ak sèvis sante nan kay. BestSelf Behavioral Health Inc. ap lwe espas komèsyal la tou pou bay rezidan yo ak kominote ki alantou a sèvis.

Rès 41 apatman yo abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan oswa pi piti ke sa. Ekipman rezidansyèl yo gen ladan yo yon sal kominotè ki gen kwizin, espas pou lave ak yon lakou pou jwe pa deyò.

Yo pral kontwi batiman an pou reponn ak egzijans Pwogram Konstriksyon Altitud Ba (Low Rise New Construction Program) Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSEERDA) ak Kominote Vèt Enterprise (Enterprise Green Communities). Karakteristik enèji ki efikas enkli aparèy elektwo-menaje, sistèm chofaj ak èkondisyone ak ekleraj ki gen etikèt ki make Energy Star.

Devlopman an te konstwi sou 0.81 ekta tè vid ke Kòporasyon Fon Devlopman Lojman (Housing Development Fund Corporation, HDFC) Mount Aaron Village, branch devlopman Mount Aaron Missionary Baptist Church (Legliz Batis Misyonè Mount Aaron), te akeri nan men Kòporasyon Renesans Ekonomik Buffalo (Buffalo Economic Renaissance Corporation, BEREC). Devlopè yo se Community Hope Builders, Inc., ak CB-Emmanuel Realty.

Finansman Eta a pou Mount Aaron Village gen ladan Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ki jenere 12.6 milyon dola nan fon pwòp ak sibvansyon prèske 6 milyon dola ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. NYSEERDA ap bay 55,400 dola. Vil Buffalo ap bay 800,000 dola nan finansman Federal HOME.

Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Mount Aaron Village kontinye investisman nou an nan restorasyon katye Lès Buffalo yo avèk devlopman lojman ki ofri kay ki an sekirite, an sante, ak abòdab ak nouvo sèvis kominotè. Avèk 59 apatman, ki gen ladan 18 ki rezève pou ansyen moun ak fanmi ki sanzabri, Mount Aaron Village pral ede asire rezidan Lès Buffalo aktyèl ak alavni yo genyen opòtinite tout Nouyòkè yo merite. Nou rekonesan anvè Mount Aaron Baptist Church ak CB Emmanuel paske yo fè patenarya sou devlopman sa a ki pral ranfòse tout kominote Lès Buffalo a".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Avèk achèvman pwojè Mount Aaron Village la, rezidan Lès Buffalo yo te jwenn plis aksè nan lojman abòdab ki gen aparèy ak ekipman ki efikas nan enèji pandan y ap bay plis konfò gras a fenèt, izòlman ak selaj lè ki gen gwo pèfòmans. Pwojè sa a, ak lòt tankou li yo, demontre angajman Eta a pou bese emisyon ki soti nan sektè bilding nan pou bay espas pou viv ak kominote ki pi an

sante pou sipòte objektif Gouvènè Hochul pou devlope de milyon kay ki bon pou klima jiska ane 2030".

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Chinazo Cunningham, te deklare, "Bay lojman ki bay sipò pou moun adiksyon afekte ka enpòtan anpil pou ankouraje sante ak byennèt jeneral yon moun, ak rekiperasyon pèsonèl li. Sa a se yon pwogram enpòtan ki pral gen benefis reyèl pou moun ki nan bezwen nan zòn Buffalo epi ki pral pèmèt yo resevwa sèvis tretman enpòtan epi jwenn aksè nan lòt resous toupre lakay yo".

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Konstwi ak kenbe lojman abòdab nan Lès Buffalo enpòtan anpil pou avni li. Mwen fyè dèske Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb yo te jenere plis pase 18 milyon dola nan finansman pou devlopman enpòtan sa a, ki pral ranfòse kominote Lès Buffalo a".

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Mount Aaron Village sèvi kòm investisman nan yon pi bon avni pou rezidan Lès Buffalo, bay lojman ki estab, modèn ak dirab ak sèvis sipò pou fanmi, granmoun aje, ak lòt moun gen opòtinite pou yo viv poukont yo. Pwogram federal tankou Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ak HOME ede sipòte devlopman inite lojman abòdab tankou sa a. Achèyman pwojè sa a se siyal pwogrè enpòtan ke nou dwe kontinye atravè kominote Lwès New York la".

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Avèk achèyman Mount Aaron Village, Lès Buffalo ap kontinye benefisye investisman ki byenvini. Konplèks lojman abòdab sa a pral ofri opòtinite, aksè, ak sèvis sipò kle nan yon anviwònman ki entèkonekte. Mwen bat bravo pou Pastè Jones pou lidèchip ak vizyon kontinyèl li, epi paske li rekonèt enpòtans pou kreye yon espas reflechi, santre sou kominote a ke moun ka vrèman rele lakay yo".

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Felisitasyon pou Community Hope Builders CDC, Inc. ak CB Emmanuel Realty pou achèyman Mount Aaron Village. 59 apatman sa yo ak 4 espas komèsyal yo pral ajoute plis aktivite, dansite katye ak pwovizyon sèvis ki gen rapò ak sante nan koridò Genesee-Jefferson ak kominote ki alantou. Mwen te kwè nan pwojè Kot Lès Buffalo sa a tèlman ke m te rive jwenn 250,000 dola nan fon kapital DASNY pou asistans. Mwen trè rekonesan anvè Gouvènè Hochul, NYS Homes & Community Renewal ak NYSERDA paske yo te ede finansyèman rann devlopman sa posib".

Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare, "Bezwen pou lojman abòdab enpòtan anpil nan kominote nou an epi Mount Aaron Village reponn dirèkteman a bezwen sa, avèk 59 apatman ki gen ladan kèk pou moun ki bezwen sèvis sipò yo. Devlopman sa ki efikas nan enèji non sèlman bay lojman vital, li ajoute espas komèsyal nan katye a epi li se yon bèl egzanp sou fason patenarya yo ka ranfòse kominote nou an".

Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare, "Se yon plezi pou nou kòmanse Semèn Nwèl la lè nou make achèyman Mount Aaron Village, yon devlopman lojman abòdab ak sipò ki pral bay moun ki vilnerab yo ak fanmi yo lojman tranzisyon, abòdab ak sipò yo bezwen pou yo rive jwenn estabilite ak sekirite. Pwojè tankou sa a bati sou efò Administrasyon mwen an pou konekte avèk efikasite sila yo ki nan bezwen avèk opòtinite lojman akabri yo bezwen ak merite. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul ak anpil lòt pati konsène ki te travay sou pwojè sa a epi ki te reyalize li. Ann kontinye travay ansanm nan objektif nou pataje pou fè vil sa a vin pi ekitab ak abòdab pou tout moun".

Ben Upshaw, Direktè CB-Emmanuel, te deklare, "CB-Emmanuel Realty, LLC te onore pou l fè patenarya ak Biwo Renouvèlman Kominote ak Kay nan Eta New York, Vil Buffalo ak Community Hope Builders sou sa nou espere k ap yon pwojè katalizè pou Lès Buffalo. Nou santi sa a se yon adisyon pozitif nan katye k ap grandi ak k ap emèje sa a ki pral sèlman amelyore grasafaz konstriksyon yo prevwa alavni sou sit ki alantou yo".

Elizabeth Woike-Ganga, Direktris Egzekitif Jeneral BestSelf Behavioral Health, te deklare, "Nou kontan pou nou fè pati yon kolaborasyon ki pote lojman an sekirite ak abòdab pou moun vilnerab nan kominote nou an. Ekip nou an devwe pou asire ke moun ak fanmi ki rete nan nouvo inite sa yo resevwa tout sipò ak sèvis yo bezwen pou yo viv pi bon lavi yo".

Pastè Dwayne Jones, Mount Aaron Baptist Church/Community Hope Builders, te deklare, "Devlopman sa a kontinye apwòch blòk pa blòk nou an pou rekonstwi katye istorik sa a nan Vil Buffalo, epi li pa t ap ka fèt san sipò Gouvènè Hochul, reprezantan eta nou yo, Majistra Brown ak anpil lòt moun atravè kominote nou an, ki gen ladan rezidan yo ki pran angajman pou ede nou atenn revitalizasyon nou tout ap travay pou li a".

Candace S. Johnson, PhD, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sant Konplè pou Kansè Roswell Park (Roswell Park Comprehensive Cancer Center) la, te deklare, "Mwen ta renmen felisite Pastè Jones ak Gouvènè Hochul pou travay san pran souf yo pou pèmèt Mount Aaron Village fini. Nan bati lojman abòdab, Pastè Jones pèsonifye angajman ak devouman li pou moun ki nan kominote nou an ki bezwen èd nou plis. Nou espere travay avèk ou nan pwochen pwojè yo pou kontinye fè Buffalo tounen yon kote ki pi an sante ak pi ekitab pou tout moun".

###